2013 Илъэсыщ1эм и япэ лъэбакъуэхэр

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ТЕКIУАНЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОKI

№1 (22.409) • 2013 гъэм щIышылэм (январым) и 10, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Илъэсыщ1эпежьэ зэ1ущ1эхэр

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къалэн гуапэ

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен къэрал дамыгъэхэр зыхуэгъэфащэхэм дыгъэгъазэм и 29-м Правительствэм и Унэм щIрифыжащ. А къалэн гуапэр игъэзэщIэн и пэ къихуэу, абы къыхигъэщащ, хабзэ зэрыхъуэм тету, мы зэхьэхъэр гъэм и кIэм яфIэфIу зэрырагъэкIуэкIыр.

- ДЫЗЭРЫЩIГЪУАЗЭЩI, къызэдэкI илъэсыр къызэрыгуэкIыу щыткъэкIым. Арами, ди щIыхуэхм я гуащIэ зыхьлэлажIэ, я зэфIэкIкIэ, я жыджэрагъкIэ республикэм ехьулIэныгъэ нэрылъагъуэхэр зыIэригъэхьащ. Абы фэри фи фIыщIэ куэд хэлъщ, - къыгъэлъэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и УнафэщIым икIи илъэсым кьрикIуахэм кIэщIу къытеувыIащ.

Къанокъуэ Арсен зэрыжиIамкIэ, сом мелард 94,2-рэ и уасэ продукцэ республикэм къыщалэжьащ. Ар 2011 гъэм зэрыкъуам проценти 6,2-кIэ щIегъу. ЗэгурыIуэныгъэзыхалIэхэм хурагъэша продукцэхэм хуэзэри хэту, лэжьыгъэрэ Iэхэутхьбзэу сом мелард 39,8-рэ и уасэ предприятиэхэм щыIэфIагъэкIащ икIи промышленностым къыщыщIагъэкIыж и индексыр проценти 113-м нэсащ. Нэхъ псынщIэу зызыужьахэм ящыщщ ерыскъыпхъэхэр щагъэхьазыр, гъущым щелэжь, гъущIэхкI, электро, электрон, оптикэ Iэмэпсымэхэр, хьэфа, пластмасс къыщышыпхэр, тхылъымпIэ Iувхэр (картон) къыщыщIагъэкI Iэнатlэхэр, нэгъущIэхэр.

- Бахъсэн ГЭС-р къызыхуэтынщэу зэдгъэпэщыжри, иджыблагъэ едгъэжьэжащ. Абы и лъэщагъым зэрызэдгъэхьуам республикэм и электроэнергетикэм хэпщIыкIыу зригъэужьынущ. Пэублэзу къызэрыдбжамкIэ, мылъкум и къэхэкIыпIэ псоми я хьэхькIэ, экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэхэмрэ инвестициэу сом мелард 19,3-рэ къыщыдгъэсэбэпащ. 2012 гъэм ухуэныгъэ лэжьыгъэу сом меларди 6,5-рэ и уасэ иратекIуэкIащ. Ар ипэ илъэсым елытауэ проценти 4,8-кIэ нэхъыбэщ. Мылъкум и къыхэкIыпIэ псоми я хьэкъкIэ, псэупIэу метр зэбгъуэзнатIэ мин 276-рэ ятащ. Ари 2011 гъэм яхуэзфIэкIам зы процентрэ пщIанитIкIэ щIегъу, - къигъэлъэгъуащ Къанокъуэ Арсен. - Мэкъумэш Iэнатlэм екъулIэныгъэ нэрылъагъуэр щыдиIэщ. Технологие нэхьыфI дыдэхэр къызэрыдгъэсэбэпым и фIыгъкIэ, ерыскъыпхъэ лIэужьыгъуэ куэдхэмкIэ республикэм зыкъызэрегъэпщыж. Абы и мызакъуэу, ди продукцэ кьабзэхэмкIэ урысей, дунейпсо рынокхэм хуиту дыхьхьэфынущ. Мы зэкIэ диIэ бжьыгъэхэм тепщыхьмэ, нобэ зэкIуэ уасэхэмкIэ мэкъумэшхэкIыу сом мелард 30,5-рэ и уасэ республикэм къыщалэжьащ. Ар 2011 гъэм елъытауэ проценти 4-кIэ нэхъыбэщ. Кьыхэгъэщыщыгъуэ мэкъумэш Iэнатlэхэм я зэфIэкIым нэрылъагъуэ зэрыхэхъуэр. Сату Iуэхур республикэм хъарзынэу щыIэтеублащ. Илъэсым къриубыдэу сом мелард 18,8-рэ и уасэ Iуэхутхьбзэ ди Iыхуэхэм пщIэкIэ хуэзфIагъэкIащ. ХьэрычтыщIэ Iэнатlэ цыкIухэми зауэ. Дэ1епыкъуныгъэ зэрагъэуцым и фIыгъэкIэ, абы-хэми унеи Iуэхущ1апIэ зи1эхэми я бжыгъэм хохьэу, республикэм и экономикэмрэ и бюджетымрэ хэлъхьэныгъэфI хуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащ1эр щхьэхуэу къытеувыщ1 дэжьапIэнэшхэр гъэмэщ1эным, ахэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыным хуэунэ-тIуэр зрагъэхьулIэхэм, демографие щытыкIэр зыхуэдэм, сабийуэ къалъхум зэрыхэхъуэм, кIэрыхуэм зэрыхэщIым. Абы зэрыжиIамкIэ, илъэсыщIм мазэ улахуэр ику иту республикэм сом 16135-м щынэсыну щогуфь. 2011 гъэм зэрыхъу щытам нэхъ р1 ар процент 25-кIэ нэхъыбэщ. Уасэхэм зэрызэлэтым тещIыхьауэ, илъэс кIуам абы процент 18-кIэ нэхъыбэщ.

Бюджет Iуэхуэрэ зэпIэзэрыту ауэнтIащ - налог хэхуэу, абы щымыщу сом меларди 7,8-рэ республикэ бюджетым хуэзщIагъэуIуащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Абы дегъэпейтей

Iулъхьэ къеIывмых!

Бахъсэн районым и щIалэгъуалэ администрацэмрэ «Урысей зэкIуэт» партым и райисполкомымрэ зэгурыIуэу зэIуплъэкIуэкIащ. «Iулъхьэ къеIывмых, фэри евмыт!» - арат къызэрагъэпэща Iуэхум зэреджэр.

IУЛЪХЬЭМ зэрыпэщIэтым хуэгъэпсэ дамыгъэхэр къызэтеувыжащ. Абы и пэ щIалэгъуалэм хуагуэшащ муниципальнэ Iэнатlэм, пощтым, Iенсэ фондым, хабзэхьуэмэ Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэм.

Iулъхьэмрэ терроризмэмрэ ятеухуауэ нэхъ пасэу иратекIуэкIа зэпеуэм щытекIуэхэм я Iэдакъэщ1экIхэр баннерхэм тету кIуажэ уэрамхэм щыфIадзащ.

АЛОКЪУЭ Аринэ.

● Щ1ыуэпс

КъБР-р экологиемкIэ зи Iуэхур нэхъыфIхэм ящыщщ

«Щхьэантlагъэм и хъумакIуэ» Урысейпсо жылагъуэ зэгуэхьныгъэм экологиемкIэ и рейтингым ипкъ иткIэ, мы гъэмэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм япэ увыпIэр щиубыдащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым. УФ-м и субъектхэм экологиемкIэ я рейтингыр илъэс етхуанэ хьуауэ кьапщытэ. Мы гъэм ди республикэм и Iуэхур иригъэфIэкIуащ икIи къэралым 15-нэ увыпIэр щиубыдащ.

ЩIЫНАЛЪЭХЭМ я рейтингыр кьальитэ Iуэхугъэущкlэ - щIыуэпсыр зэрахъуэмэкIэ, промышленнэ экологием я щытыкIэмкIэ. Нэгъабэ хуэдэу, КъБР-м иджыри къэралым япэ увыпIэр щиубыдащ щIыуэпсыр хъумэныкIэ. Апхуэдэ ехьулIэныгъэхэр кърикIуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыуэпсыр хъумэным егъэщIыла и ведомствэ псори зэуIуу икIи зэгурыIуэу зэрызэдэлэжьам.

ХЬЭМДЭХЪУ Сурен,
КъБР-м Щ1ыуэпсым и хьугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрствэм и пресс-секретарь.

Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

IУЛЪХЬЭ зэрызэIапахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэраухэжым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щIыIэ 8(8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщ-гъэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Быпэн Азрэт Алий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщгъуэ гъэувын, абы иныгъа кьуднкъур щхьэщыхьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м
№211-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщ-гъэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Сунш Ануарбий Iэбубэ и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщгъуэ гъэувын, абы иныгъа кьулыкъур щхьэщыхьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м
№212-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхабзэмкIэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхабзэмкIэ и министру гъэувын **Фырэ Руслан Борис и къуэр**.

2. Мы Указым кьару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м
№217-УГ

● Илъэсыщ1эпежьэ зэ1ущ1эхэр

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Джэгу дахэкIэ яухыжу

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен дыгъэгъазэм и 29-м Правительствэм и Унэм щIригъэблэгъащ еджэным щыпашэ, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм, олимпиадэхэм, спорт зэхьэзэхуэхэм, лъэпкъ проектхэм щытекIуа, республикэм и Унафэщ1ым и сагуэтыр къэзыхьа ныбжьыщ1эхэр, Школыр мы гъэм къэзыухьнухэм хуагъэхьэзыра Илъэсыщ1э Iуэхуэгъуэ гукъинэжым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Премьер-министр Хьэсанэ Руслан, абы и кьуэдзэ Портэ Галинэ, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министр Семэн Пщыкъан сымэ.

НАЛШЫК къалэм и курыт школ №9-м информатикэмкIэ и егъэджакIуэ Кочетов Олег зэ1ущ1э гуапэр къызэ1уиха нэужь, Iэнэ гъэщIэрэщIа къызыхуащта ныбжьыщIэхэм Къанокъуэ Арсен фIэхьус псалъэкIэ захуигъэзащ.

- Хабзэ дахэ хьуауэ, еджэным щыпэрыт, зэпеуэ зэмылIужьыгъуэхэм щыпашэ ди школакIуэхэр Илъэсыщ1ым ирихьэлIэу догъэльапIэ. Ноби мы пэшым щыз1эхуэсащ дызэрыгушуэ, республикэм и пщIэр нэгъуэщ1 щыпIэхэм щызыIэт еджакIуэ нэхъыфIхэр. Щалэгъуалэр дапщэщи жылагъуэ гъащIэм щыжыджэрщ, щыжэрдэмщIакIуэщ. Абы кьыхэкIыу, ди пщэдейр, ди кьэкIуэнур ипэкIэ зыгъэкIуэтэну кьызыпэщыIуть щIэблэм хуэфащэ щIэныгъэ бгъэдэлъхьэным мыхьэнэщхуэ иIэщ. Фи гупсысэщIэхэм, фи зэфIэкIым дяпэкIэ дыхуеинущ, - къигъэлъэгъуащ республикэм и Iэтащхьэм икIи емызэшу еджэнхэу, я лъахэр фIыуэ яльэгъуну, ди нэхъыжьхэм я щIэинкэр хуэсакьыу яхъумэну ахэр кьыхуриджащ.

Экономикэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм я Iэнатlэхэм мы зэманым щекIуэкI зэхьуэныныгъэхэр зыкуэдэр щаухуIыатэм, Къанокъуэ Арсен кьыхигъэщащ гъащIэм кьагъэнэ кьалэныщIэхэм хуэфащэу пэджэжьыфын, я муладхэм лъэлъэин папщIэ, я щIэныгъэмрэ я Iэзагъэмрэ зэпымыууэ хагъэхьуэн зэрыхуэр.

Дунейм Iэубыдыпlэншэу зехьэнэ, абы кьыдекIуэкI Iуэхугъуэ куэдыкIейхэм гугъуехь инхэр кьаIэ. А псом ядэхьунри япэлъэщынри фегупсысауэ кьыхэфхэ Iэщ1агъэрэщ, щэныгъэ куурщ, - кьыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэм.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Дунейм щыхъыбархэр

Хабзэхэр нэхъ тIкIий ещI

УФ-м и Президент Путин Владимир Къэрал Думэм къыщыхилъхьащ Iэпхъуэщэпхъуэным теухуа хабзэхэр гъэзэщIэнымр щIэзыгъэтIкIие законопроект.

Къэлэхъуэр (ар УФ-м и цIыхуми е нэгъэущI къэрал къикIами) гъэпцIагъэкIэ щIыпIэм щатхаэу къыщIагъэщIмэ, хабзэр къызэпызыудам къуэдыуэ сом мини 100-м къыщыщIэдзауэ мин 500-м нэскIэ втхьэкъуну, е егъэзыгъэкIэ илъэсищкIэ ягъэлажьэну, е апхуэдиз дыдэкIэ тутнакъэщым исыну трапъхьэ хъуну кьелъытэ проектым.

НэгъэущI зы хабзэми хэплъэжьын хуейуэ къыхилъхьащ къэрал унафэщIым. «УФ-м физкультурэмрэ спортымрэ ятеухуауэ» и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэльхьэ абы. Зэпеуэ пэрытыкъуэхэр зэгурыIуэурэ, спорт зэхьэзэхуэхэм «Пуми я фейдэ зыхэль» бжьыгъэ къызэрыщIрагъэдзым (иужьрей зэманым апхуэдэ щIэх-щIэхыурэ къызэрыхъур зым и дежкIи щэхужьжым) тIкIийэ пэуэ хабзэщ ар. Абы къбгъэув апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэр къызэзэгъэпэщхэм сом мелуаным нэс къуэдыу трапъхьэну, илъэсыблым нэскIи тутнакъ ящIыну.

Проектхэр Къэрал Думэм щыпхьIкIрэ абыхэм лэжьэн щIадзэмэ, хабзэмщагъэ куэдым ахэр гульэф зэрахуэхъунум щэч хэлъкъым.

Къэралым и цIэр зэрахуэкI

Ливием и лъэпкъ конгрессым зэдзэрзэныуэ къыщащтащ а къэралым и цIэр зэхъуэкIыным теухуа законопроект. Абы ипкъ иткIэ, Джамахирие Уардэм и пIэкIэ я хэкум Ливие къэралыгъуэ фIащ.

Къэралым и цIэр - Социалист цIыхубэ ливийскэ хъэрыл Джамахирие Уардэ жыхуаIэр - а къэралым и Iэтащхьэу щыта Каддафи Муаммар 1986 гъэм къыхилъхьэри фIащауэ щытащ. Ар къыщагъэсэбэп дафтэр куэдым, апхуэдэуи я ахъшэхэми тетщ.

Иджы фIащари зэрахуэкIыжьыну къыщIэкIынущ - Ливием и Конституцэщ1эр къащтэмэ, абы тету къэралым и цIэри яубыхунущ.

Саакашвили пэщIэтхэмрэ и тетлъхьэхэмрэ

Куржым и президент Саакашвили Михаил и пIалъэр къэмысу и кулыкъум текIын хуейуэ къэзыгъэувэкIи, ягъэхьазырращ щIыкIу мелуаным (ар къэралым щыпсэухэм я процент 22-м щIегъу) я Iэхэр зыщIадза дэфтэр. Пэжщ, а Iэщ1эдзэхэр пэжрэ нэпцIрэ зыхуэдэр зэкIэ къапщытакъым.

Президент хэхыныгъэхэр а къэралым щыщекIуэкIын хуейр мы гъэм и бжьыкIэрщ. Апхуэдэу щытми, парламентым и депутатхэм я нэхъыбапIэр зыхьхьэ «Куржым и хьэрпсапIэхэр» фракцэм трегъэчыныхь Саакашвили дзыхь зэрыхуамыщIым икIи и пIалъэр зэкъмысу ар и кулыкъум текIын хуейуи къигъэуващ. АрщхьэкIэ кьухьэпIэ къэралхэр Саакашвили кьыщIэкIжащ, оппозицIэр парламент хэхыныгъэхэм зэрыщIетекIуам президентыр зэреувэлIамрэ правительствэщIэр уб1ыхуным ар зэран зэрыхуэмыхьымрэ я тегъэщIапIэу.

Къэрал унафэр зыIэщIэлъым и телъхьэхэри нэхъ тIасхэзжьым - абыхэмэ зэхуахьэс Iэщ1эдзхэр. Ахэр хуитщ а Iэхуур щIышылэ мазэм и кIэ хьуху ирагъэкIуэкIыну.

Ямэ увыпIэр иныгъщ

Китайм къыщыз1уахащ мафIэгухэр псынщIэу щыз1экIуэ, дунейм щынэхъ кIыхь дыдэ гъущI гъуэгур. Абы хуэдэ зы къэралми иIэ-къым.

Пекин, Гуанчжоу къалэхэр зэпызыщIэ гъэзугущIэм километр 2.200-рэ и кIыхьагъщ. Сыхьэтым километр 300 зэпачу иирикIуэнущ абы мафIэгухэр. Нэхъапэм Пекин уикIыу Гуанчжоу мафIэгухэр икIуэнэм сыхьэт 22-рэ трагъэкIуадзу щытамэ, иджы а гъэзугуанэр сыхьэтийм зэпытчыфынущ. ПсынщIэ дыдэу ущызэкIуэным хэущIа гъущI гъэзугу иджы а къэралым километр 9.300-рэ иIэщ. АбыкIэ ямэ увыпIэр дуней псом щIыгъщ Китаймрэ Америкэрэ я щIыуэпс.



и 1863 гъэм Лондон (Великобритание) и метрор къыз1уахащ. Апхуэдэ транспорт лIэужьыгъуэ дуней псом щыIэтхэщ.

и 1920 гъэм Версаль Iэ щытрадзащ Ямэ дунейпсо зауэр зэриухам теухуа мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэм.

и 1946 гъэм Лондон къыщыз1уахащ ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и ямэ зэIущIэр.

и Щ1ышылэм и 10 - 14-хэм Сочэ щекIуэкIынущ «ЗыбгъэпсэхупIэхэмрэ турист Iуэхущ1апIэхэмрэ-2013» дуней псо выставкэр.

и Урыс тхакIуэшхуэ, СССР-м щIэныгъэхэмкIэ и академием и академикэ, жалагъуэ лэжьакIуэ **Толстой Алексей** къызэрыхъурэ илъэси 130-рэ ирокIу.

и КъБР-м и цIыхубэ артист, тхакIуэ, драматург **Къардэн-гущI Зырамыку** къызэрыхъурэ илъэс 95-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэмур «pogoda.yandex.ru» сайтым къызэрытымкIэ, Налшык уэс къыщесынущ. Щ1ыIэр мазэм градуси 5 - 2, жэщым 8 - 7 щ1ыхунущ.

Зыгъэхьазырыр
ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Мариэтэ.

● Щ1ыуэпс

КъБР-р экологиемкIэ зи Iуэхур нэхъыфIхэм ящыщщ

«Щхьэантlагъэм и хъумакIуэ» Урысейпсо жылагъуэ зэгуэхьныгъэм экологиемкIэ и рейтингым ипкъ иткIэ, мы гъэмэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм япэ увыпIэр щиубыдащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым. УФ-м и субъектхэм экологиемкIэ я рейтингыр илъэс етхуанэ хьуауэ кьапщытэ. Мы гъэм ди республикэм и Iуэхур иригъэфIэкIуащ икIи къэралым 15-нэ увыпIэр щиубыдащ.

ЩIЫНАЛЪЭХЭМ я рейтингыр кьальитэ Iуэхугъэущкlэ - щIыуэпсыр зэрахъуэмэкIэ, промышленнэ экологием я щытыкIэмкIэ. Нэгъабэ хуэдэу, КъБР-м иджыри къэралым япэ увыпIэр щиубыдащ щIыуэпсыр хъумэныкIэ. Апхуэдэ ехьулIэныгъэхэр кърикIуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыуэпсыр хъумэным егъэщIыла и ведомствэ псори зэуIуу икIи зэгурыIуэу зэрызэдэлэжьам.

ХЬЭМДЭХЪУ Сурен,
КъБР-м Щ1ыуэпсым и хьугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрствэм и пресс-секретарь.

Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

IУЛЪХЬЭ зэрызэIапахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэраухэжым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щIыIэ 8(8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщ-гъэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Быпэн Азрэт Алий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщгъуэ гъэувын, абы иныгъа кьулыкъур щхьэщыхьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м
№211-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщ-гъэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Сунш Ануарбий Iэбубэ и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщгъуэ гъэувын, абы иныгъа кьулыкъур щхьэщыхьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м
№212-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхабзэмкIэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхабзэмкIэ и министру гъэувын **Фырэ Руслан Борис и къуэр**.

2. Мы Указым кьару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м
№217-УГ

Дунейм щыхъыбархэр

Хабзэхэр нэхъ тIкIий ещI

УФ-м и Президент Путин Владимир Къэрал Думэм къыщыхилъхьащ Iэпхъуэщэпхъуэным теухуа хабзэхэр гъэзэщIэнымр щIэзыгъэтIкIие законопроект. Абы ипкъ иткIэ, Джамахирие Уардэм и пIэкIэ я хэкум Ливие къэралыгъуэ фIащ.

Къэралым и цIэр - Социалист цIыхубэ ливийскэ хъэрыл Джамахирие Уардэ жыхуаIэр - а къэралым и Iэтащхьэу щыта Каддафи Муаммар 1986 гъэм къыхилъхьэри фIащауэ щытащ. Ар къыщагъэсэбэп дафтэр куэдым, апхуэдэуи я ахъшэхэми тетщ.

Иджы фIащари зэрахуэкIыжьыну къыщIэкIынущ - Ливием и Конституцэщ1эр къащтэмэ, абы тету къэралым и цIэри яубыхунущ.

Саакашвили пэщIэтхэмрэ и тетлъхьэхэмрэ

Куржым и президент Саакашвили Михаил и пIалъэр къэмысу и кулыкъум текIын хуейуэ къэзыгъэувэкIи, ягъэхьазырращ щIыкIу мелуаным (ар къэралым щыпсэухэм я процент 22-м щIегъу) я Iэхэр зыщIадза дэфтэр. Пэжщ, а Iэщ1эдзхэр пэжрэ нэпцIрэ зыхуэдэр зэкIэ къапщытакъым.

Президент хэхыныгъэхэр а къэралым щыщекIуэкIын хуейр мы гъэм и бжьыкIэрщ. Апхуэдэу щытми, парламентым и депутатхэм я нэхъыбапIэр зыхьхьэ «Куржым и хьэрпсапIэхэр» фракцэм трегъэчыныхь Саакашвили дзыхь зэрыхуамыщIым икIи и пIалъэр зэкъмысу ар и кулыкъум текIын хуейуи къигъэуващ. АрщхьэкIэ кьухьэпIэ къэралхэр Саакашвили кьыщIэкIжащ, оппозицIэр парламент хэхыныгъэхэм зэрыщIетекIуам президентыр зэреувэлIамрэ правительствэщIэр уб1ыхуным ар зэран зэрыхуэмыхьымрэ я тегъэщIапIэу.

Къэрал унафэр зыIэщIэлъым и телъхьэхэри нэхъ тIасхэзжьым - абыхэмэ зэхуахьэс Iэщ1эдзхэр. Ахэр хуитщ а Iэхуур щIышылэ мазэм и кIэ хьуху ирагъэкIуэкIыну.

Лъэпкъ Iуащ1ыгъ:

БлэбгъэкIым ухущIогъуэж.

Ямэ увыпIэр иныгъщ

Китаймрэ Америкэрэ я щIыуэпс. Ямэ увыпIэр щиубыдащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым. УФ-м и субъектхэм экологиемкIэ я рейтингыр илъэс етхуанэ хьуауэ кьапщытэ. Мы гъэмэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iуэхур иригъэфIэкIуащ икIи къэралым 15-нэ увыпIэр щиубыдащ.

ЩIЫНАЛЪЭХЭМ я рейтингыр кьальитэ Iуэхугъэущкlэ - щIыуэпсыр зэрахъуэмэкIэ, промышленнэ экологием я щытыкIэмкIэ. Нэгъабэ хуэдэу, КъБР-м иджыри къэралым япэ увыпIэр щиубыдащ щIыуэпсыр хъумэныкIэ. Апхуэдэ ехьулIэныгъэхэр кърикIуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыуэпсыр хъумэным егъэщIыла и ведомствэ псори зэуIуу икIи зэгурыIуэу зэрызэдэлэжьам.

ХЬЭМДЭХЪУ Сурен,
КъБР-м Щ1ыуэпсым и хьугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрствэм и пресс-секретарь.

Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

IУЛЪХЬЭ зэрызэIапахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэраухэжым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щIыIэ 8(8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкIэ.

● Дунейм щыпсэухэм

Iэщ лъэпкъыфIым зрагъэужь

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Iэщ лъэпкъыфIхэр гъэхъуным зыщIихужь, абы гулъытэ хэха хуэзыщI щIыналъэ нэхъ пэрытхэм ящыщщ Къэрэшей-Шэрджэсыр.*

РЕСПУБЛИКЭМ жыджэру щолажь щыхэр, мэлхэр, абердин-ангус Iэщ1ыщхуэхэр гъэхъуным. А унэтIыныгъэмкIэ лэжьыгъэ зрагъэкIуэну хуит мэкъумэш Iуэхущ1апIэ 39-рэ щыIэщ Къэрэшей-Шэрджэсым.

ЩIыналъэ телъыджэ

АДЫГЕЙ. *ГъащIэм и фIагъ и лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэкIа урысейпсо рейтингым экологие, жьыуэпс (климат) щытыкIэм елъытауэ Адыгейр псом япэ ятщ.*

АДЫГЭ Республикэм туризмымрэ курортхэмкIэ и комитетым щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, къэзыуухъурехь щIыуэпсым и фIагъыр, экологие щытыкIэр зыхуэдэр сыт щыгъуи республикэм и унафэщIхэм я нэIэм щIэтщ. Апхуэдэ гулъытэрщ Адыгейр Урысейм и щIыналъэ нэхъ телъыджэхэм, экологие и лъэныкъуэкIэ нэхъыщхьэ зыуэ щIыщытыр, лъахэм зыгъэпсэухакIуэ, зыплъыхьакIуэ къакIуэхэм я кIуэ пэтми щIыхьэхъуэр.

Гумэ Ларисэ и Iэдакъэщ1экIхэр

Илъэсыщ1эм ирихьэлIэу Мэкъуу щекIуэкIащ «Ладья. Щ1ымахуэ таурыхъ-2012» Урысейм и лъэпкъ художественнэ Iэдакъэщ1экIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ-жармыкIэ. Абы и XIII каталогым хагъэхьащ Адыгейм дыщэ IуданэкIэ хэзыдыкI и Iэщ1агъэлIхэм я лажьыгъэхэр.

ЖАРМЫКIЭМ щагъэлъэгъуащ Урысейм и щIыналъэхэм хъраша Iэдакъэщ1экI 2000. Адыгейм утыку хьрихьащ дыщэкIэ хэдыкIа пкъыгъуэхэр, лъэпкъ фащэхэр, пхъэибзэхэр. Республикэм и Iэщ1агъэлIхэм я Iэрыкlхэр 30 хъурти, 11-р дыщэ Iуданэкlэ хэзыдыкI Гумэ Ларисэ и Iэдакъэщ1экIхэрщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Къалэн гуапэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Къанокъуэ Арсен кІыззригъэлъэгъажмкІэ, 2013 гъэм узынщагъэр хъумэным гулытэ хэха хуащІынуц. Щыхуп сэ и пльыр дохутырхэм пщІэшхуэ хуащІу кІыззрекІуэкІыр, нобэрей зэман мытынышм абыхэм я нэхъыбэм я кІалэнхэр щІыхь пытпу зэрагъэзащІэр кІыхинтэщІри, зыхуащІыр хъумэным и Іэнатіэхэм кІапэпльэ зэхъуэкІыныгъэхэр зыхуэдэм кІытеуиІащ. Абы зэрыжиІамкІэ, медицинэ Іуэхущапіэхэр хуэфащэ щыІэхэр зыхуей хуэгъэзэным, кІызыхуэтыншэу зэгъэпэщІыжыным, Іэмэпсымэщіэхэмкіэ кІыззгъэпэщыным пащэнчу.

- Узыншагъэр хъумэным и Іэнатіэхэм я мыльку-техникэ гъабжьэр гъэбыдэнр, медицинэ Іуэхутхьбзэхэм я фІагъым хэгъэхуэныр ди пщэрыльэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу кІьонэж, - кІыхигъэбелджьылыкІащ республикэм и Унафэщым.

КІызздэнэкІа илъэсым республикэм и жылагъуэ-щэнхабзэ гъашІэр зыхуэдам я гугъу щищым, Къанокъуэ Арсен кІыхигъэщащ ар Іуэхугъэм гукъинэж зэмлІэужьыгъуэхэмкІэ гъэнщІауэ зэрыщытгар. Апхуэдэщ КІьэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей къэралыгъуэм зэрыкъхьэрэ илъэс 455-рэ зэрырикъур зэрагъэлъэпІар, «Кавказ джэгукІэхэр» щыналъэ зэхуакъ фестивалыр ди деж зэрыщагъэкІуэкІар, Іонда щызэхэтэ Олимп Джэгуэмрэ утыкуэхуэхэмрэ ди спортсменхэм зэфІэкІыщхуэ кІыхьэ зыщагъэльэгъуар, нэгъуэщІхэри.

- Гугъэшхуэхэр диІэу ИлъэсыщІэм дыхохьэ. Сыгу жыпІэмэ, абыхэм дытезыгъэгушхуэ Іуэхутіуэхэр ди нащІэжьым. Аха ди щІыхьхэм я зэхэщІыкІырщ, я эфІэкІырщ, я гуащІэ хьэлэлырщ. Абыхэм кІапкърыкІ гупсысэ узыншхэр я ІьабжьэУ дызэкъуэгу ди мурадхэм деувалІэмэ, гутыдэхьхэм даэрыпэтъэщынм, жыджэру, зэпІэзэрыту республикэм дяпэкІи зэрызнужьынум щэч кІыитесхьэкІыим, - кІыхинтэщІ ИлъэсыщІ Іуэхутіуэ ІьабжьэкІ Іуэхутхьбзэхэм я ІьабжьэкІ ІьабжьэкІ ІьабжьэкІ зэхэтэкІ ІьабжьэкІ ІьабжьэкІ Іьабжь

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Къвкъз Ищ къэрэ Жыпагъуэ

Сыт къыпэплъэр Урысейм?

2008 гъэм дунейр зыхэхуауэ щыта экономикэ гугъуехьхэр тIощIэнчъэкъым. Абыхэм диту къыгъэкIыж 1930 гъэхэм США-м къыщыхъуауэ щытар. АрщхьэкIэ къэралхэм я нэхъыбэм ахэр къажьэхэуакъым. Иужьк1э хуэмурэ псори къызэрехьэм хуэкIуэжащ. 2011 гъэм и щыщхьэIум ди сомыр нэхъ пуд хъууэ хуэжьащ. Пэжщ, ильэсым и кIэуэным щытыкIэр зы мащIэкIэ афIэкIуэжащ Китаймрэ Индиемрэ я фIыгъэкIэ.

ИтIани, Евросоюзым финанс Iуэхуэхэр зэрыщыгъэIыхьауэ щытам хуэдизу къонэж. Псом хуэмыдэу гугъуехьхэм хэтщ зэгуэныгъэм и пщэ лъэныкъуэм хиубыдэ къэралхэр. Хэбгъэхьыжь, абыкIэ щытыкIэр нэхъри щIэзыIопльэ. Сыт Урысейр зыщыгуГ хъунур? Властхэм дызэтраГъэIэфIэ: зыгуэрурэ дыкъыззэтенэнщ. Банк нэхъыщхьэм ахъшэ гъэтIылъыгъэу иIэщ доллар мелард 530-рэ хуэдиз, ВВП-м хохъуэ. Аращ зыщыгугъэр. АрщхьэкIэ а гъэтIылъыгъэхэр куэдрэ пхуриКъунУ? А упщIэм жуаеп ират «Московский комсомолец» газетым иригъэблагъэ Iэщ1эгъэлIэкъм.

Вардуль Николай, *«Финанс» газетым и редактор нэхъыщхьэ:*

- Дэ щыуагъэу тIэщIэкIащ евроэонэм щызекIуэ Iэуэхуэр къыззырдмыпытар. ИпэжмIакIэ аужырэ щытыкIэр сыт щыгъуи зэпызыгъэхьэр.

Сомым и Iуэхур дызыхьыхьа илъэсым тIиащIэу щытынущ. Зы лъэныкъуэр фIыуэ, адрейр мыщIагъэуэу. ФIыщ доллархэмрэ еврэхэмрэ куэду дунейм зэрыщрахъуэхынур. Гувами щIхэми а ахъшэхэр Урысейм и экономикэм къыпэлэжнущ. ЩIагъэуэкъым щIыдагъэм и уаэрэ къеуэхьынкIэ зэрыхъунур. А фIымрэ Iейм рэкIуэнур зэкIэ гурыIуэгъэкъым. Сэ къызолытэ Европэм къыщыхъуа кризисыр уэхьыхьу. Дауи, гугъуехьхэр дяпэкIи щыIэнущ, ауэ европей унафэщIхэр есащ аэхэр къызэрэзекIыфу.

Си гугъэщ мы гъэм долларыр сом 29-30 хуэдиз и уасэну.

Белоусов Дмитрий, Iэщ1агъэлI:

- Си гугъэщ долларыр сом 36-рэ и уасэну. Европэм и къэралхэм я экономикэр зэхэщащэ пэтащ. АрщхьэкIэ апхуэдэ къэхъуакъым.

ДызыхуэкIуэ щытыкIэм лъэныкъуитI иIэщ. ФIыщ кризисым и етIуанэ лъэхъэнэм дызэрызэмыхьар. Iейщ сомым и къарур нэхъ быдэ зэрыхъуар. Абы и зэран къекIащ ди экономикэм.

Мы гъэм ВВП-м проценти 3,6-кIэ хэхъуэн хуейщ. Абы къикIращи, ди экономикэм хуабжьу гулъэф щIыныщ. ЗэкIэ нэхъыфIт ди сомыр нэхъ махэу къыщIидзамэ. Абы щIыгъуэ, инфляцэр проценти 7,5-м нэблагъэнущ, ауэ зыужьыныгъэ белджылым и гъуэгум дытеувэнут.

ЩIыдагъэм и уасэм хэхъуэну къыщIэкIынукъым. Газри аращ. Абыхэм я уасэкIэ зэрыщытауэ къэнэжыну къыщIэкIынущ е мащIэ-мащIэуэ кIэрыхунущ.

А псоми щIыгъуэкIи хуейщ импортри. Зэрыгурыуэгъэщи, абы щIэгъэкъуэн хуэхъунущ Дунейпсо сату зэгухьэныгъэм (ВТО) дызэрызыхьар. Мыбдеж Банк нэхъыщхьэм сомым и къарур щызэтриIыгъэнущ и ахъшэ гъэтIылъыгъэхэмкIэ.

Дызыщыгугъэнур нэгъуэщI къэралхэм я мылъкуу ди къэралым и экономикэм къыхалъхьнурщ. Пэжу, дунейпсо экономикэр щызэIыхьа зэманым аэхэр къыздикIынри зыхалъхьэнри гурыIуэгъуэкъым.

Солодков Василий, *ЭкономикэмкIэ школ нэхъыщхьэм и банк институтым и унафэщI:*

- Сомым и Iуэхур зыхуэкIуэнум теухуауэ сэ жыслакIэщ ар зыхуэдэнур зыбгъ зыми къызэримыщIэфынур. Псом япэрауэ, инщ долларым и къарур зэпытатар щIыдагъэм и уасэрщ. Гъэмахуэм дз дытепсэлъыхьащ щIыдагъэр нэхъ пуд хъумэ, ди Iуэхуэр зэрыщытыр. Аэр нэхъыкIэ хъуауэ щытатмэ, долларыр иджы и уасэнут сом 35 - 36-рэ. АрщхьэкIи щIыдагъэм зы баррелым зы зэманым долларищэ щIат.

Николаев Игорь, *ФБК-м и стратегие анализымкIэ и департаментым и унафэщI:*

- Сэ си гугъэкъым Америкэнхэр зытеува гъэзгум кьытекIыну. Доллархэр градзэнущ щIэчэ имыIэу. Абы жьы ящIынущ дунейм щызекIуэ ахъшэ псоми я уасэм. Къызолытэ апхуэдэ щытыкIэм гува-щIэхами кIэ игуэутын хуейуэ.

АрщхьэкIэ американхэм берс кьыхахьыркьм дунейр зэрагъэуа щытыкIэм. Абы къыжэкIыу, си гугъэщ, зы долларыр сом 35 - 37-рэ хуэну. НэгъэущIу жыпIэмэ, ди сомыр пуд хъунущ.

АтIэ кризис щыIэну?

Редакцэм игъэуба апхуэдэ упщIэм кърата жэуапхэр зэтехуэрэкъым. АрщхьэкIэ кризис къэмыкъуну хуагъэфащэ Iэщ1агъэлIэкъм.

«Московский комсомолец».

ЗЮГАНОВ Геннадий:

КъулыкъущIэр хуитщ хьэлэлу къилэжьа ахъшэр езыр зэрыхуейуэ къигъэсэбэпыну

КПРФ-м Къэрал Думэм щIэ фракцэм и унафэщI Зюганов Геннадий жуаап кьрет Урысейм и Юристхэм я зэгухьэныгъэм и Президиумым хэт Барщевский Михаил и упщIэкъм

Хэт министру яГъэув хъунур?

- НэгъуэщI къэралхэм ахъшэ щызыхьумэ, яГъэIэпхьуэ мыхьу мыльку щызиIэ къулыкъущIэхэм, депутатхэм, хьэкумэщIэхэм, нэгъуэщIхэм я хуитныныкIэ зэхэм мардэ хуаГъэувыным теухуа хабзэр сыт хуэдэу къэпльытэрэ?

- Сэ сигу ирихьырыным къэралыр цыхухэм я жьэр зыщIригъэпIэн, и лъэныкъуэ къищIын мурад иIэу Iуэхум щыбгъэдзыкIэ, ар финанс-экономикэ гъэпсыкIэр къэгъэщIэрэщIэжыным, бюджетыр гъэщIынным, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ Iэнатlэхэм пэрытхэм я экономикэм я дзэпыкъуным теухуауэ сощIри. Абы фIым ухуящIынукъым. Нэхъыщхьэр аракъым, атIэ къулыкъур зезыкъэфыну цыхухэр тэмэму къыхэхьынырщ, зэхьэзэхуэр и лъабжьэу. КъулыкъущIэр Iуэхум хуэтэжк, зи Iэнатlэм кууэ зэзыщIыкI, улахуэ Хьарзынэзрат Iэщ1агъэлIу щытын хуейщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, идкыдрей къулыкъущIэхэм я нэхъыбэм теухуауэ ар пхужыIэнукъым. Думэм и комитетхэм Сердюков кьыщIепсэльэну Iэмал иратамэ, ар зэи министр хъунутэкъым.

- Сэ кьыдэрызгурыIуамкIэ, уэ кьыхьыбольхьэ къулыкъущIэхэр кьыдэрыхах хабзэщIэ. Абы ахъшэ хьэлэлу къилэжьамэ, езыр зэрыхуейм хуэдэу къигъэсэбэп хьуну жыбоIэ.

- Ахъшэр хьэлэлу къилэжьамэ, къулыкъущIэр хуитщ ар зэрыхуейм хуэдэу къигъэсэбэпыну. АрщхьэкIэ, дауи, гъэзэщIакIуэ властым и лэжьакIуэхэр къэралым и нэIэм щIэмыту хъунукъым.

- КПРФ-м и фракцэм Парламентым нэхъыбапIэр щиубыдауэ зекIи правительствэр кьыдэригъэпэщыну Iэмал иГъэтауэ кьызыщыдгъэхьунщ. Юристхэм ящыду уэ хэтыт юстицэмкIэ министру, Прокурор нэхъыщхьэу бгъэувынур?

- Сэ щIыхуэм дзыхь зригъэз правительствэм хагъэхьану сызыхуейхэр кьэзгъэльэгъуауэ щытащ. Апхуэдэ правительствэм парт, зэщIэхьеенныгъэ псоми я лIыкIуэхэр хэтын хуейт. ЖысIэнщи, абы хагъэхьэн хуейуэ кьэсольтат Шойгуэ Васильевым я. Прокурор нэхъыщхьэм и гугъу пщIымэ, а къулыкъур зэрихьэфынт ди фракцэм щыщ, нэхъапэм Москва и прокурорым и кьуэдзэу лэжьа Сильнейшколов Юрий. Абы кьыдэхуэу, дэ ди фракцэм хэтщ генерал-полковник Черкесовыр, нэхъапэм кьэралышнагъэншагъэмкIэ Iэнатlэм и унафэщIым и япэ кьуэдзэу, наркотикхэм кIэлъыплъынымкIэ Iэнатlэм и Iэтащхьэу лэжьар. Абы Iуэхум фIыуэ э хещIыкI. Дыхэдэн хуей хьумэ, дэ дгъэзытынущ ныбжьыщIэ акъылыфIэ куэд.

- Фи фракцэм юристхэр кэдэхэт?

- Дэ дийщ юрист Iэзэ гупльыхуэ. Фракцэм и чэнджэщзэгъуэ кьегъэсэбэп «Іущхэм я совет» жьыхуэтIэр, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Романов Петр зи пащэр. Гупым хохьэ юрист Iэзэ дыдэ, Москва къэрал университетым щезыгъаджэ Лукьянов Анатолий. Апхуэдэу дэ кьытхэтщ юстицэм и Iэнатlэ зэмылIужьыгъуэхэмкIэ Iэщ1агъэлIхэу 7. Аэр хуабжьу зэкъуэту мэлажьэ, дэтхэнэмэ яГъэзащIэ фракцэм и рекламатхэм кьыхуагъэува кьалэнхэр.

- Фи фракцэм хэт юристхэм я бжьыгъэр жьIпIэфын?

- Си гугъэщ аэр проценти 7 - 8 хьууэ.

- Фракцэм сыт хуэдиз юрист хэтмэ нэхъыфIу кьэпльытэрэ?

- Сэ кьызолытэ пщIым щыщу зым законхэр фIыуэ ищIэн хуейуэ. Дэ дакьыщхьэщыжьын хуей мэхьу узрамкэм пэкIу хэтыну кьыдыхьэ псоми, зи мылъку зыфIатхьэкъуэжьэм. КIэщIращи, суд Iуэхум дыкьыхэжьыркьым.

- Узрамкэм кьыдыхьэхэм ятеухуауэ, КПРФ-м щыщ юристыр Лимоновым кьыщхьэщыжьыну уи нэгу кьыщIэбгъэхьыну гугъущ.

- ЖысIэнщи, Лимоновми кьыщыщыхьэщыжь кьэхъуащ. Ар Индыл псым и Iуфэм щауфыщ ди къэралым щрадзам, дыдыльIауэ хабзэм тету и Iуэхур зэхагъэжьыну.

Цыхубэрщ хэзыхар, цыхубэрщ кьыхъэщIэкIыжыну хуитын хуейр

- «Парламент кIэлъыплъныгъэм щIэгъэтын» жьыхуэIэм сыт кьыбгъэкIыр, ИтIанэ, Iуэху хэхам егъэщIылIа прокурорхэр щыIэным дауэ уепльрэ? Апхуэдэ хабзэм и проект Думэм щIэлъщ...

- Сэ кьызолытэ Iуэху хэхахэм елэжь прокурорхэр щIэн хуейуэ. Iэнатlэ псори кIэлъыплъныгъэм зэрыщIэмытращ зыщIэдмыужьыр. Дэ кьызэтлъхьащ зэгъэзэхуэныгъэ зыбжанэ. Хэбгъэзыхьмэ, кьэдгъуэват Конституцием зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну. Думэм и зэхуэгъэзыгъуэхэм щIыщ зым абыкIэ арэзы ящыт депутатхэм я нэхъыбэр. АрщхьэкIэ властым псори ильэхащ. Ди президентым, ар зэрыщытым, Iэщ1эль властыр цхьэдэх рим императорщ, урыс Iэнатlэщ1ыкьым, американ президентым зэгъэуэу яIэ хуитыныгъэм. Апхуэдэ нэгъуэщI зы кьэрали щIэкъым. Сэ тельыджэ сщыхъуащ финанс-экономикэ щытыкIэр щызэIыхьам кремлым щIыхуэпIэ щыIэ зэхэхуэщIэу, доллар мелард 200 банкири 4-м зэрыратар. Уеблэмэ а зэIущIэм Думэм и Унафэщым хэтакъым. А банккэр зыгуэркIэ ядэгугъэщащ нэгъуэщIхэм. ЯкIэлъыплъыни щыIакъым.

- Ар пэж дыдэу кьэпльытэ хьунукъым. Абы щыгъуэм пенсэхэмэ хагъэхьауэу щытащ...

- Зыгуэрхэм хагъэхьащ, ауэ сэ зи гугъу сщIыр аракъым. Ахъшэр ирагащ. Дэ кьэпщытэныгъэхэр едгъэкIуэкIащ: промышленностым и Iэжьакlуэхэмэ, мэкъуэшхьащIэхэмэ, егъэджэныгъэ Iэнатlэмэ зыри яIэрыпхьакъым. Иужьк1э, кьызэрыщIэкIамкIэ, а ахъшэр нэгъуэщI кьэралхэм кьыщыщIидзащ. Абы щIыгъуэми долларр мелард 200-мкIэ лэжьапIэ Iэнатlэу мелуэнитIщ кьызэIэхуэсщ Iэнатlэ, а Iэнатlэхэм пэрытхэм ильэсищкIэ мазэ кьэс ику иту сом мин 20 кьалэжьу. Парламентым и кIэлъыплъныгъэм мы Iуэхуэр щIэтамэ, кьуанщэхэр аузауэм ирашапIэ хьунут. Обамэ и щхьэгъуэсэм Уна гуужьым обои кIэрильхьэфынукым, США-м и конгрессым и комитетитIым я арэзыныгъэ хэмылIу. Абыхэм ящIэ дэтхэнэ зы долларри здэкIуэр. Ди дэж Сердюков и блигуущIэтхэм ахьшэщхуэ дыдэ щратащ. Ауэ аэхэр здэкIуэр зыми кьыпщытакъым. Сэ кьэдгъэжьыIащ: Iэщ1э-фащэхэр щахьымэ склад 40 зэуэ кьэуэныр си фIэщ зэрымыкьур. Апхуэдэ ильэс 400-м кьурибыдзэу Урысейм и тхыдэм зэи кьыщыкьуакъым. Сэ слъэгъуащ ракетэхэр зэрызэпкърахыр. Зы ракетэм дыщэ килограммми 4-рэ дыжьын килограмм 200-рэ ильт. Арати, льэужьхэр апхуэдэ щыIэкIэ яГъэIуэдыжащ. Сэ сыщыгъуэзащ дзэм кьулыкъу щызыщIэхэм я тепIэщIэльынхэм сом мелардищ хухахауэ зэрыщытам. Абы щыщу зы мелардыр льэужьжьынщэ бзэхащ. ТепIэщIэльынхэм я уасэкъэм сом мелард «кьыщыщбзгъахуэ» щыхьыкIэ, ракетэхэм щхьэжьэ кьэбдыгъуфынри сыт хуэдиз?

- Арауэ кьыщIэжьынщ уэ депутатхэр Думэм кьызэрыхагъэжьыж хабзэ бгъэувыну ущIыгуейр?

- Сэ бдыдэу срителъхьэщ апхуэдэхэр хагъэжьынут. Ауэ мы Iуэхур инквизицэ мыхъуу, хабзэр тэмэмым тегъэувэн хуейщ. Дигу кьэдгъэжьыжьынти Гудковым кьыщыщIар: цыхьу зыбжанэм Iэ яIэтэр, дауи пщэрыпIыр щхьэщахащ. Ар кIэзыхар щыхуэбгрэщ икIи Думэм хэзыгъэжьыжьыну хуитыр щыхуэбгрэщ. Иджы кьэхъуэр, кьызэрыгуэжьIыу жьыIэмэ, емыкIу льидэщ.

«Российская газета».

• Партхэр

Я Iыхьлыхэмрэ къуэдзэхэмри нэхъыкIэу псэукъым

ЗыхъумэжьыныгъэмкIэ министерствэмрэ МэкъуэмэщI Iэнатlэмкlэ министерствэмрэ мылъкуущIэ зэрыщыщэхадыгъуам тетуэ щIэрыщIэхадыгъуам хуэвууэ хъыбархэр щыхьэт тохъуэ ахъшэ къэзыдыгъуэ къулыкъущIэхэр зэрыщIэзымрэ ар зыфIадыгъэрэ зэрыфакъыгъэмрэ.

МэкъуэмэщI Iэнатlэмкlэ министру щыта Скрынник Еленэ и къуэдзэу лэжьа Донских Олег иджы нэгъуэщI къэрал зыщегъэпщкIу. Ар ягъэкъуаншэ мэкъумэш техникэ кьращэхуэм хухаха somэ мелуан 500 зэрызэкIощIиутщIамкIэ. Донских Липецк областым кьыщалъхуащ. Липецк пэмыжьжьэу щыуэ зэтет унэ уардэ щIиIэщ. Аращ хабзэхьуэмэхэр япэу здэкIуари. КьулыкъущIэм и щIэныгъэм и ЛIыхъужь Донских Виктор ицIыхуу кьыщIэкIынт Пэжьыгъэм и ЛIыхъужь Меланьин Петр. Иужьрейр и унафэщIу щытащ «Щхьэмыж пIыхьжь» совхоз-мелуанырыбжьэм. Ильэситху и пэкIэ псори льэпльэжащ. Иджы абы и фермэм убгъэдэмыихьэмэ нэхъыбфIщ – къызэтещIэхэнри, депутат гъэущ. Кхьахэ хьуа псэуалъэр зейр зэкIэ зэхагъэкIакъым.

ЗыхъумэжьыныгъэмкIэ министру щытам и шыпхьум ипI Пузиков Валерий кьулей хьуащ и щыкъу щIалэр кьулыкъушхуэм щыпэрыта зэманым. ЗэрыжаIэмкIэ, абы иIэщ автосапонкэр, паркингхэр, Петербург дэт унэльащIэ тыкуэн, щы Iыхьэхэр. А псоми кьадэкIуэу Анапэ хэрычэтыщIэ лэжьыгъэ щрегъэкIуэкI. Сердюков льэпэрэпа ижьи, абы и мыпхьэшхуэр кьызэтенащ.

«Аргументы и факты».

Планэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэд.

• ДыгъуакIуэхэр

Я Iыхьлыхэмрэ къуэдзэхэми нэхъыкIэу псэукъым

ЗыхъумэжьыныгъэмкIэ министерствэмрэ МэкъуэмэщI Iэнатlэмкlэ министерствэмрэ мылъкуущIэ зэрыщыщэхадыгъуам тетуэ щIэрыщIэхадыгъуам хуэвууэ хъыбархэр щыхьэт тохъуэ ахъшэ къэзыдыгъуэ къулыкъущIэхэр зэрыщIэзымрэ ар зыфIадыгъэрэ зэрыфакъыгъэмрэ.

МэкъуэмэщI Iэнатlэмкlэ министру щыта Скрынник Еленэ и къуэдзэу лэжьа Донских Олег иджы нэгъуэщI къэрал зыщегъэпщкIу. Ар ягъэкъуаншэ мэкъумэш техникэ кьращэхуэм хухаха somэ мелуан 500 зэрызэкIощIиутщIамкIэ. Донских Липецк областым кьыщалъхуащ. Липецк пэмыжьжьэу щыуэ зэтет унэ уардэ щIиIэщ. Аращ хабзэхьуэмэхэр япэу здэкIуари. КьулыкъущIэм и щIэныгъэм и ЛIыхъужь Донских Виктор ицIыхуу кьыщIэкIынт Пэжьыгъэм и ЛIыхъужь Меланьин Петр. Иужьрейр и унафэщIу щытащ «Щхьэмыж пIыхьжь» совхоз-мелуанырыбжьэм. Ильэситху и пэкIэ псори льэпльэжащ. Иджы абы и фермэм убгъэдэмыихьэмэ нэхъыбфIщ – къызэтещIэхэнри, депутат гъэущ. Кхьахэ хьуа псэуалъэр зейр зэкIэ зэхагъэкIакъым.

ЗыхъумэжьыныгъэмкIэ министру щытам и шыпхьум ипI Пузиков Валерий кьулей хьуащ и щыкъу щIалэр кьулыкъушхуэм щыпэрыта зэманым. ЗэрыжаIэмкIэ, абы иIэщ автосапонкэр, паркингхэр, Петербург дэт унэльащIэ тыкуэн, щы Iыхьэхэр. А псоми кьадэкIуэу Анапэ хэрычэтыщIэ лэжьыгъэ щрегъэкIуэкI. Сердюков льэпэрэпа ижьи, абы и мыпхьэшхуэр кьызэтенащ.

«Аргументы и факты».

Планэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэд.

• Унейм и телъыджищэ



Тыркум зыплъыхьакIуэ кIуэхэр здашэ щыпIэ дахэхэм, телъыджэхэм язщ Памукъкъалэр. Япэм а щыпIэр зея альджхэр абы Хиерапольскиз (Къалэ щIыкIэ) еджэрт, щIым и тхьэу къаIыбгъэ Анэшхуэм и хэщIапIэу я гугъэу.

Памукъкъалэ нобэми археологхэр щолажьэ. Итьэчи 100 хуэдизу трагъэкIуэдащ абыхэм мы щIыпIэхэм къыщыщIэж псы хуабжьэм зыгъэпсыкIыпIэрэ хьэмэму тращIыхьауэ щытахэр къыщIэгъэщыкынымэ. ЯтIэхум метри 5 хуэдизкIэ щIихуэма ухуэныгъэхэр щыщIэрыщIэу зэрагъэкIуэдащ.

Мы сурэтым щыфIъгъагъу тхьипхъэщIипхъэ хужьыр уэскъым, мылкъым, атIэ минераликIэ бей псы хуабжьр щIым къыщыщIэжкIэ кислород зэрыхьыхьэу, углекислый газ къыхихуу щIедзэ инкIи ятIэху нэхъу. Апхуэдэурэ мащIэ-мащIэурэ щIыупсым къигъэщIащ «сурэт» телъыджхэр.

• Бокс

Биберт токIуэ

Краснодар крайм щыщ Анапэ къалэ щекIуэкIащ боксымкIэ Урысейм пашэныгъэ къыщыхьыныкIэ ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Туменов Биберт абы щыщэ медалыр щызыIэригъэхьащ.

ДИ СПОРТСМЕНЫР хэзыдэмыбз цIыкIуэхэм узынщагъэ яIэн папщIэ, физкультурэмрэ спортымрэ дегъэхьэхыныр; яхуэзфIэкI емыIыпытауэ, я Iэпкльэпкъым зрагъэжьжьынымкIэ и псэкIуэкIэр трауэхуэныр, ныбжьыщIэ псоми гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэныр; жылагъуэмрэ зыбарегъащIэ Iэнатlэхэмрэ Iуэхуэгъуэм гулытэ нэхъыбэ хуегъэщIыныр, нэгъуэщIхэри.

«Налшык» спорт комплексым а махуэм щекIуэкIа физкультурэ-спорт зэхьэзэхуэхэм къекIуэлIат республикэм и интернатхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ я 8-10-нэ классхэм зи Iэпкльэпкъ къызыдэмыбзу щIэс ныбжьыщIэхэр.

Зэпеуэр лIэужьыгъуэ зыбжанэу зэхэзэщIэхэуэ кIауэ щытащ. Абыхэм ящыщIу льэныкIэ, турнирым зыщыбIэтыныкIэ, топлыр баскетбол тхьэгъуэ игъэхуэныкIэ, езым яIыгъ кIапсэм зэпрыльэныкIэ, шахматрэ шашкэкIэ джагуныкIэ, нэгъуэщIхэри.

«ЪытекIуэхэ» республикэпсо физкультурэ-спорт махуэшхуэм къекIуэлIа псоми тыгъэ цIыкIуэмрэ зэхьэзэхэм зэрыхэтам щы-хьэт техьуэ тхыльэмрэ иратащ.

Гаш Инкограмм 57-рэ зи хьэпрагъэхэм я зэрпеуэм, Iпэ зэIущIэ **КЪУМАХУЭ Аслъан,** къыщыхуэхьащ 2011 гъэм Урысей Федерацэмрэ Европэмрэ пашэныгъэр къыщыхьыха Саунин Виктор. Биберт и етIуанэ хьрхуэрэгъур рингым къихьэн идакъым. Ещанэр - Рязань областым щыщ Пешков Ярославт. Финалым ар щеэуащ Ханты-Мансийск автономнэ округым и лIыкIуэ Исламгереев Рудольф. Ди спортсменыр дапщэрэ утыку ихьами, и хьэрхуэрэгъуэхэр хигъащIа. Абы и тренерщ Туменов Хьусейн.

• Гулытэ

ЯхуэзфIэкIым ефIэкIхэр

«Налшык» спорт комплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ зи Iэпкльэпкъ тэмэму къызыдэмыбз сабийхэм папщIэ «Зытекlуэж» фIащауэ къызэрагъэпэща республикэпсо физкультурэ-спорт маХуэшхуэ.

Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и кьудамэмрэ «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Кьэбардей-Балъкъэр щIыналъэ щыщ кьудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетымрэ.

Республикэм и кьалэ, къуажэ зэмылIужьжьыгъуэхэм кьыкIа еджакIуэ цIыкIуэмрэ абыхэм я гъэсакIуэхэмрэ щIыз зэхуэса Iуэхугъуэм и кьалэн нэхъыщхьэу щытащ зи Iэпкльэпкъ тэмэму кьызыдэмыбз цIыкIуэхэм узынщагъэ яIэн папщIэ, физкультурэмрэ спортымрэ дегъэхьэхыныр; яхуэзфIэкI емыIыпытауэ, я Iэпкльэпкъым зрагъэжьжьынымкIэ и псэкIуэкIэр трауэхуэныр, ныбжьыщIэ псоми гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэныр; жылагъуэмрэ зыбарегъащIэ Iэнатlэхэмрэ Iуэхугъуэм гулытэ нэхъыбэ хуегъэщIыныр, нэгъуэщIхэри.

«Налшык» спорт комплексым а махуэм щекIуэкIа физкультурэ-спорт зэхьэзэхуэхэм къекIуэлIат республикэм и интернатхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ я 8-10-нэ классхэм зи Iэпкльэпкъ къызыдэмыбзу щIэс ныбжьыщIэхэр.

Зэпеуэр лIэужьыгъуэ зыбжанэу зэхэзэщIэхуэ кIауэ щытащ. Абыхэм ящыщIу льэныкIэ, турнирым зыщыбIэтыныкIэ, топлыр баскетбол тхьэгъуэ игъэхуэныкIэ, езым яIыгъ кIапсэм зэпрыльэныкIэ, шахматрэ шашкэкIэ джагуныкIэ, нэгъуэщIхэри.

«ЪытекIуэхэ» республикэпсо физкультурэ-спорт махуэшхуэм къекIуэлIа псоми тыгъэ цIыкIуэмрэ зэхьэзэхэм зэрыхэтам щы-хьэт техьуэ тхыльэмрэ иратащ.

Гаш Инкограмм 57-рэ зи хьэпрагъэхэм я зэрпеуэм, Iпэ зэIущIэ **КЪУМАХУЭ Аслъан,** къыщыхуэхьащ 2011 гъэм Урысей Федерацэмрэ Европэмрэ пашэныгъэр къыщыхьыха Саунин Виктор. Биберт и етIуанэ хьрхуэрэгъур рингым къихьэн идакъым. Ещанэр - Рязань областым щыщ Пешков Ярославт. Финалым ар щеэуащ Ханты-Мансийск автономнэ округым и лIыкIуэ Исламгереев Рудольф. Ди спортсменыр дапщэрэ утыку ихьами, и хьэрхуэрэгъуэхэр хигъащIа. Абы и тренерщ Туменов Хьусейн.

• Дзюдо

Жыджэру зыкъагъэлъагъуэ

Черкесск къалэ щекIуэкIащ дзюдомкIэ ныбжьыщIэхэм я 16-нэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы зэхуищэсащ щыщ 150-м щIигъу. Зэпеуэм КъБР-м и спортсмен 14 хэтат, 4-м щыщIэныгъэхэр зыIэрагъэхьащ.

КILОГРАММИ 100-м нэблагъэ зи хьэпльагъэм я зэхьэзэхуэм щытекIуэщ Хьурсин Залымхан. Етlуанэ увыпIэр къахащ Къущхьэ Жамботэр (кг 60) АбазаИслъамэ (кг 66-рэ). Ахэр Урысейм щIихь зиIэ и тренер Емкъуэ Жыхьэмэд и гъэсэнхэущ. Тренер Джэдагэ Залым игъаго Мусэ Ахьмэд (кг 81-рэ) жэ медалыр кьыIэрыхьащ. БакIуу Ратмир (кг 60), Дзу Залым (кг 66-рэ), Тхьэгъэзит Iэдэм (кг 66-рэ) сымэ ятхуанэ увыпIэрхэр къаIыпсащ.

• Атлетикэ хьэпIэ

ЕтIуанэмрэ епIанэмрэ

Израилым и Эйлат къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ атлетикэ хьэпIэмкIэ Европэм пашэныгъэ къыщыхьыныкIэ ныбжьыщIэхэмрэ щIыгъуаIэмрэ я зэпеуэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ Урысейм и щIыхьыр щахьымащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэ-хэу Макарэвэ Галинэрэ Мэжджыхь Эдуардрэ. Бзыльхугъэм дыжьын медалыр зыIэригъэхьащ, щIалэр епIанэ нэ хъуащ. Зи гугъу тщIа спортсменхэр я гъэсэнщ тренерхэу Шэкэм Михаил, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Федяев Олег сымэ.

ПЩЫНОКЪУЭ Залым, *КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1анIэ.*

• Оперативнэ штабым къет

Цыху мамырхэм лей къатехьакъым

КъБР-м щыIэ щIэнхьаджащIэ гупым щыщхэмрэ абыхэм я щIэгъэкъуэнхэмрэ зэрахьэ хабзэншагъэхэр къызэпыдыным теухуауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ, республикэм и хабзэхьумэ Iэнатlэхэм я дзжьакIуэхэм 2013 гъэм щыщыщым и 6-м Бахьсэн куейм щрагъэкIуэкIащ текIуэ-ягъэжьащ загъэхьэзыру щэч зыхуащIхэр убыдыным ехьэлIа Iуэху.

ТХЫПЪХЭР кьапщытэн мурадкIэ, «Газель» автомашинэр кьагъэувыIэну лужь щихьэм, абы исахэр Iэщ1кIэ кьахэхуэу хуежьащ. А зэхэуэм щIэпхьаджащIэу 3 щауэкIащ. Хьыббару кьаIэрыхьаи тепщIыхьэм, бзаджащIэ гупым щыщхэм Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ставрополь краймрэ я члисэхэм махуэшхуэ тхьэелъыдзэр щрагъэжьэжкIэ терроркъэхьэлъащагъэр щалэжьын мурад яIащ.

Ар къыщыхьуа щыпIэр къыщащтыхьыхьым кьагъэуэтащ; автомат, Стечкиным и кIэрахъуэ, щэхэм хуэщIа трамматик кIэрахъуэ, Iащ Iэмэпсымэхэр, зы килограммым нэблагъэ, къыззрагъэсэбэпыныр хэзгъэхьэзыра кьагъауэ Iэмэпсымэ Iэрыщщу 5. Кьыпраха псори КъБР-м щыIэ МВД-м и ЭКЦ-м ирагъэхьащ.

Хабзэхьэмэ органхэм я лэжьакIуэхэм, щыху мамырхэм лей зытехьа яхэткьым.

КъБР-м и Оперативнэ штаб.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Къепс дыгъэр анэм хуогуIэ

• Фэеплъ

ЛЪапсэ екIум и бжэупэм щыт щIыхуэхъум и нэгум кьищ гуаузм си гум щхьэхуэмыбгу зригъэхуэащ. ЛIыпIэ нуа къудеими, абы и щхьэци и жьакIи уэсу зэщIэтхьат, гузэвэгъуэшхуэ къызэщIих и нитIым уи гущIэр ильпущIырт, зыкIи уэзрыдэмыпIыкIуэфынур зэрызэпщIэм нэхъри уи лъэр щIигъэхурт.

ГуфIэгъуэ макъыр къызэрыдэIукIрэ куэд мыщIа пщIантIэшхуэм иджы гуаузм зыщIыбгъуауэ и щы-магъым псэр ихузырт, пщIантIэ дахэшхуэр машэкIыфI нэщIу къыпщидгъэхьу.

Исльэмей къуажэм зы цIыхуи кьыщIэнагъэнкъым Шэшэн Арсен и къуэ МухьэмэдкIащ къызэрыкъуэхуа кIуэ къуажэдэсхэм Iыхьлыхэми Арсенрэ и щхьэгъусэ Iюдэрэ я гуфIэгъуэр даIэтат. Зэщхьэгъусэхэм я лъэр щым нэмыс жьауэ Iуэхуэ гуфIэрт, я щIалэ закъуэм и насып зэрыхъэпльэм игъэгушхуэу.

Лъэпкъми кьуажэдэсхэми пщIэ зыхуащI Мухьэмэд куэдкIэ узыщыгугъ хьуну щIалэт. Курыт еджапIэр щытхъу iэу кьнуха нэужь, ар щIэтIысхащ УФ-м къэрал кIуэщI Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм Краснодар щиIэ университетым. Еджэнми спортым и лIэужьыгъуэ зыбжанэми хъарзынэу хэзагъэ щIалэр зыхьыхьа гупым щIэх дыдэу яхэсыхьат, и гъэсэныгъэмрэ щIыхуэ хуэтыкIэ екIуэмрэ гу кьыитыныгтехэм пщIэ кьыхуащI хъуат. Зэхэпхыр и макъыбр гуауэшхуэм. СтIол кIапэм кьытетщ и сурэтхэр, Яльпщ1у анэпсэр ящI сахуэ: О, ди Тхьэ, сахэтщ уи Iуэмэхэм! СщащIан кIыфIыбзэ си махуэр!

Гуузгъуэр зи нэгум кьищ анэр, И гъыбзэм бзу щыкIуэгъэ егъагъыр, Хуощыгъуэ хьэмыхуащхэр, псэ знIэр, Къепс дыгъэр анэм хуогуIэр!

*ЗЭГЪЭ